A. Wangsulan pitakon nang ngisor kiye kanthi milih jawaban A, B, C, utawa D sing paling bener!

1. Apa sing dimaksud pacelathon?
   A. Seni pertunjukan wayang
   B. Aturan nulis teks deskripsi
   C. Omong-omongan wong loro utawa lewih kang duweni tujuan tertentu
   D. Pesen moral ing sajroning crita

2. Getuk diciptakna kanggo ngganteni beras pas krisis panganan ing jaman penjajahan ...
   A. Walanda
   B. Jepang
   C. Inggris
   D. Portugis

3. Ide utawa gagasan pokok sing dadi dasar crita wayang diarani ...
   A. Amanat
   B. Alur
   C. Tema
   D. Setting

4. Apa sing dimaksud deskripsi subjektif?
   A. Nggambarna objek sesuai kesan utawa opini penulis
   B. Nggambarna objek tanpa opini penulis
   C. Nggambarna kewan
   D. Nggambarna kahanan alam

5. Wayang umume dimainna nang dalang nang mburi ...
   A. Layar abang
   B. Layar putih
   C. Kain batik
   D. Papan kayu

6. Tembung "descripcere" asale sekang basa ...
   A. Jawa
   B. Latin
   C. Yunani
   D. Inggris

7. Menawa wong tuwa ngomong marang bocah, unggah-ungguh basa sing dienggo yakuwe ...
   A. Ngoko lugu
   B. Krama alus
   C. Ngoko alus
   D. Krama lugu

8. Sing **ora** kalebu unsur intrinsik crita wayang yakuwe ...
   A. Tema
   B. Amanat
   C. Biografi penulis

D. Alur

9. Bahan utama nggawe getuk yakuwe ...
   A. Beras
   B. Tela (singkong)
   C. Jagung
   D. Gula abang

10. Unsur crita sing wujude papan, wektu, lan swasana diarani ...
    A. Paraga
    B. Setting/latar
    C. Alur
    D. Lelewaning basa

11. Basa sing tembung-tembunge krama kabeh diarani ...
    A. Krama lugu
    B. Krama alus
    C. Ngoko lugu
    D. Ngoko alus

12. Asal jeneng "getuk" yakuwe sekang moni ...
    A. "Gethuk-gethuk"
    B. "Tuk-tuk"
    C. "Tek-tek"
    D. "Buk-buk"

13. Ciri-ciri wacan deskripsi yakuwe ...
    A. Nggunakna pancaindra
    B. Isine crita khayalan
    C. Ora ana gambaran objek
    D. Ngemot pidato

14. Wayang purwa biasane digawe sekang ...
    A. Kertas
    B. Welulang (kulit kewan)
    C. Plastik
    D. Kain perca

15. Basa sing lewih sopan (ngoko kecampur krama inggil) diarani ...
    A. Ngoko lugu
    B. Ngoko alus
    C. Krama lugu
    D. Krama alus

16. Deskripsi objektif yakuwe nggambarna objek ...
    A. Sesuai perasaane penulis
    B. Tanpa opini penulis
    C. Sing nggawe seneng
    D. Sing nggawe sedih

17. Tokoh sing ana nang njerone crita diarani ...
    A. Paraga
    B. Amanat
    C. Latar
    D. Alur

18. Unggah-ungguh basa nalika wong dewasa ngomong marang wong sepuh yakuwe ...
    A. Krama alus
    B. Ngoko lugu
    C. Ngoko alus
    D. Krama lugu

19. "Descripcere" tegese ...
    A. Nulis utawa njelasna
    B. Maca lan ngrungokna
    C. Nggambar kahanan
    D. Nggoleki fakta

20. Tekstur getuk yakuwe ...
    A. Keras
    B. Kenyal
    C. Garing
    D. Cair

21. Cara mawas utawa sudut pandang ing crita wayang diarani ...
    A. Point of view
    B. Lelewaning basa
    C. Amanat
    D. Alur

22. Objek deskripsi bisa awujud ...
    A. Sembarang (kewan, menungsa, lingkungan, lsp)
    B. Mung barang sing regane larang
    C. Mung crita khayalan
    D. Mung jaman purwa

23. Bocah cilik marang bocah cilik nggunakake ...
    A. Krama alus
    B. Ngoko lugu
    C. Krama lugu
    D. Ngoko alus

24. Sing **ora** dibahas nang teks deskripsi yakuwe ...
    A. Warnane
    B. Modhele
    C. Wateke
    D. Sejarah negara

25. Crita wayang Ramayana lakon Kidang Kencana kalebu materi bab ...
    A. Bab 1
    B. Bab 2
    C. Bab 3

D. Bab 4

26. Pesen utawa piwulang ing crita diarani ...
    A. Amanat
    B. Paraga
    C. Alur
    D. Setting

27. Tembung-tembung pilihan nang crita diarani ...
    A. Lelewaning basa
    B. Amanat
    C. Paraga
    D. Setting

28. Basa krama alus yakuwe tingkatan basa sing ...
    A. Paling dhuwur/formal
    B. Paling cendhek
    C. Biasa bae
    D. Ora sopan

29. Dalan critane wayang diarani ...
    A. Alur/plot
    B. Amanat
    C. Paraga
    D. Latar

30. Deskripsi sing nggambarna kahanan jasmani, watek, lan papan panggonan diarani ...
    A. Teks deskripsi
    B. Teks narasi
    C. Teks persuasi
    D. Teks prosedur